

Diplòm Etid Segondè nan Eta Delaware konpare ak Eta Delaware – Diplòm Reyalizasyon Altènatif Estanda

	Diplòm Etid	Diplòm Estanda Reyalizasyon Altènatif
Kisa li vle di	Yon etidyan te satisfè tout ekzijans eta/LEA pou gradyasyon.	Yon etidyan fini etid segondè, men li pat satisfè tout ekzijans pou gradyasyon.
Kisa ki ekzijans gradyasyon?	<p>Yon Diplòm Eta Delaware pral akòde a etidyan ki konplete ak siksè ekzijans kou preskri ki etabli pa Eta a, oubyen distri a, si ekzijans kredi distri pi wo pase pa Eta yo.</p> <p>Ekzijans etabli pa Eta a se yon minimòm vennkat (24) kredi ki enkli:</p> <ul style="list-style-type: none"> • kat (4) kredi nan domèn Atistik Lang Anglè, • kat (4) kredi nan Matematik, <i>etidyan an dwe genyen kredi lè li fini fòmasyon matematik ki enkli pa mwens pase ekivalan ekzijans tradisyonèl nan kou Jeyometri, Aljèb I ak Aljèb II. Etidyan pral konplete kou Aljèb II oubyen Matematik Entegre III kòm youn nan kredi Matematik,</i> • twa (3) kredi nan Syans, <i>etidyan dwe konplete kou Byoloji kòm youn nan kredi Syans,</i> • Twa (3) kredi nan Syans Sosyal, <i>etidyan an dwe konplete kou Istwa Etazini kòm youn nan kredi Syans Sosyal,</i> • de (2) kredi nan Lang Mondyal, <i>etidyan ka ranpli de (2) kredi nan ekzijans lang Mondyal lè yo oswa:</i> <i>Resevwa yon minimòm de (2) kredi Lang Mondyal nan menm lang lan oubyen, demonstre konpetans Nouvo-Wo oubyen pi elve nan evalyasyon ki nasyonalman rekoni nan konpetans lengistik, eksepte anglè, nan domèn kapasite komunikasyon oral oubyen ekspresyon ak resepsyon ansiy, lekti ak ekriti, ki iilize nivo konpetans ki idantifye pa Konsèy Ameriken pou Anseye Lang Etranje (American Council for the Teaching of Foreign Language),</i> 	<p>Yon Diplòm Estanda Reyalizasyon Altènatif pral akòde a yon etidyan ki satisfè ekzijans Pwogram Edikasyon Pèsonalize etidyan an (IEP), men li pat reyalize ekzijans kredi pwogram pou gradyasyon lekòl Segondè etabli pa Eta a, oubyen distri a, si ekzijans kredi distri a pi wo pase pa Eta yo.</p> <p>Yon ekip IEP detèmine tip evalyasyon yon etidyan pral pran. Pou etidyan ki sou DeSSA-Alt, estanda ki evalye yo pa menm ak evalyasyon jeneral DeSSA. Estanda ki evalye nan DeSSA-Alt rete mwens konplèks pase Estanda Kontni Delaware ki evalye nan evalyasyon jeneral DeSSA, ankonsekans etidyan k ap pran DeSSA-Alt pa elijib pou resevwa kredi nan direksyon yon Diplòm regilye nan Eta Delaware. Ankonsekans, si yon etidyan nan DeSSA-Alt, sèl opsyon Diplòm ki disponib pou etidyan an pral Diplòm Estanda Reyalizasyon Altènatif nan Eta Delaware.</p> <p>Yon Diplòm Estanda Reyalizasyon Altènatif pa yon tit akademik epi pa gen pyès ekzijans kou oubyen nòt onivo eta a ki nesesè pou resevwa yon Diplòm Estanda Reyalizasyon Altènatif. Yon etidyan k ap travay ak siksè nan direksyon objektif IEP rete jeneralman elijib pou resevwa yon Diplòm Estanda Reyalizasyon Altènatif.</p>

	<p><i>oubyen jan sa apwouve pou itilizasyon pa Ministè Edikasyon Delaware (Delaware Department of Education).</i></p> <ul style="list-style-type: none"> • yon (1) kredi nan edikasyon fizik, • demi (1/2) kredi nan edikasyon sante, • twa (3) kredi nan Trajektwa Pwofesyonèl, ak • twa kredi edemi (3 $\frac{1}{2}$) pou kou opsyonèl. <p><i>Pandan dènye ane etidyan dwe kenbe yon chaj kredi chak semès ki fè etidyan genyen omwen yon majorite kredi ki te ka pran pandan semès la. Yon kredi nan Matematik ta dwe resevwa pandan dènye ane.</i></p> <p>LEAs ka adopte ekzijans gradyasyon adisyonèl. Verifye ak LEA ou an sou ekzijans adisyonèl.</p>	
Ajisteman pèmi	Wi – yon ajisteman se yon zouti oubyen pwosedi ki ofri akse egal a enstriksyon ak evalyasyon pou etidyan ki andikape.	Wi
Modifikasyon kourikoulom pèmi	Petèt Yon modifikasyon se yon chanjman nan sa yo anseye etidyan oubyen atann pou l aprann. Lè li chanje sa etidyan aprann, modifikasyon ka afekte kapasite yon etidyan pou l resevwa yon Diplòm fen etid segondè.	Wi. Yon modifikasyon se yon chanjman nan sa yo anseye etidyan oubyen atann pou l aprann. Yo itilize tèm Pwogram Edikasyon Pèsonalize epi li souvan asosye ak ajisteman, ki se chanjman ki pèmèt yon etidyan pou l patisipe pi konplètman nan aprantisaj.
Aksepte pa Militè	Wi. Sepandan, etidyan dwe satisfè ekzijans ki etabli pa branch espesifik Fòs Lame Etazini. Aksepte depann de tès, otorizasyon atravè Estasyon Tretman Antre Militè, epi ak yon rekritè.	Non.
Aksepte pa Fakilte	Wi	Petèt Sa depann de inivèsite ak/oubyen pwogram lan. Anpil inivèsite kominote pral aksepte etidyan ki resevwa yon Diplòm Estanda Reyalizasyon Altènativ; sepandan, plasman detèmine sou baz ekzamen antre (pa ekzanp, Accuplacer pou DTCC).
Elijib pou ed finansye federal pou etidyan pou inivèsite	Wi	Petèt Yon etidyan dwe enskri oubyen aksepte pou enskripsyon kòm yon etidyan regilye nan yon pwogram diplòm oubyen sètifica elijib (verifye tout kritè elijib)
Aksepte pa patwon	Wi	Wi. Yon endividé pral kapab koche kaz "diplòm" sou yon aplikasyon. <i>Nòt: Ajans adilt (pa ekzanp, Divizyon Reyabilitasyon pwofesyonèl, Divizyon sou Andikap Devlòpmantal) kapab anmezi pou asiste ak travay.</i>